

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1.Kacindekan

Dina ieu panalungtikan naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga, pasualan anu diguar nyaéta aya tilu: (1) struktur carita, (2) struktur naskah drama, jeung (3) ajén moral. Panalungtikan ieu ngagunakeun sababaraha tiori pikeun ngaguar eusi dina naskah dramana, tiori nu digunakeun pikeun ngaguar struktur carita nyaéta ngagunakeun tiori Robert Stanton anu struktur caritana dibagi kana tilu bagian nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Pikeun ngaguar naskah dramana ngagunakeun tiori Rétty Isnéndés anu struktur kabagi jadi prolog, dialog (wawancang, jeung kramagung), babak, adegan, solilokui, jeung épilog. Anapon pikeun ngaguar ajén moralna ngagunakeun tiori K. Bertens anu ngabagi ajén moral kana 4 bagian nyaéta ajén moral anu paatali jeung tanggung jawab, ajén moral anu patali jeung nurani, ajén moral anu sipatna ngawajibkeun, jeung ajén moral anu sipatna formal. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kualitatif ngaliwatan studi pustaka.

Dumasar kana ulikan struktur naskah drama “Panti Jompo”, téma dina ieu naskah drama téh nyaéta babandingan kumaha pamikiran jalma beunghar sarta jalma nu basajan kana kawajibanna salaku budak ogé masarakat. Galur anu dipaké nyaéta galur marélé atawa galur maju. Latar tempat aya hiji nyaéta di panti jompo. Latar waktu nu aya ukur nyebutkeun taun jeung kaayaan di luar panti kumaha. Taun kajadian dina ieu carita nyaéta taun 2022, sedengkeun kaayan diluar pantina nyaéta keur hujan. Latar sosial anu nyampak nyaéta ngeunaan jalma-jalma anu ngaagung-agungkeun kabeungharan sarta ningalikeun jiwa kamanusaanna nu kurang. Tokoh dina ieu carita aya 13 tokoh. Sarana sastra dina ieu naskah drama nu dipaké téh nyaéta judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul nu nyampak geus cocok atawa akur jeung eusi caritana, ari puseur implengan anu digunakeun pangarang kana naskah drama ieu nyaéta puseur implengan jalma katilu- teu kawatesanan, sarta gaya basa anu kapanggih aya 5 gaya basa nyaéta pléonasmé, ironi, sinisme, sarkasmé, jeung hiperbola.

Ngeunaan ulikan struktur naskah drama, Prolog dina ieu naskah drama téh teu kapanggih lantaran mulaina carita langsung asup kana dialog atawa jalan carita. Dialog anu kapanggih dina ieu naskah téh aya 10 dialog, anu kapanggih ogé 57 wawancang jeung 12 kramagung. Dina ieu naskah teu kapanggih ayana babak, sabab naskah drama

ieu kajadian-kajadianna ukur aya di hiji tempat nu sarua, nyaéta panti jompo. Dina ieu naskah gé teu bener-bener kapanggih ayana adegan nu jéntré nu dicutat dina naskah dramana. Tapi, unggal adegan ditandaan ku kaayaan para tokohna, sarta suasana nu béda. Dina ieu naskah kapanggih aya hiji solilokui anu dikedalkeun ti Jrg. Pangsiun ka dirina sorangan. Épilog na teu kapanggih lantaran caritana langsung ditutup ku kaayaan ahir caritana, nu dimana eusina nyaritakeun para tamu anu teu jadi nitipkeun kolotna lantaran sarat anu dibéré teu ngamungkinkeun maranéhna pikeun nyieun éta sarat.

Nu pamungkas nyaéta ajén moral, aya babaraha ajén moral nu kapanggih, nyaéta katitén ajén moral anu patali jeung tanggung jawab aya 3, moral anu patali jeung nurani aya 5, jeung ajén moral anu sipatna ngawajibkeun aya 3, anu totalna aya 11 ajén moral dina naskah drama “Panti Jompo”.

5.2.Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, nyaéta pikeun masarakat, amanat nu nyampak bisa jadi conto pikeun budak, ogé kolot. Di piharep kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kanu hal-hal nu hadé, utamana dina nambahan pangaweruh sarta kamekaran ranah kasusastraan, hususna ngeunaan ulikan struktural jeung ajén moral anu kakandung dina sastra.

5.3.Rékoméndasi

Sanggeus panalungtikan ngeunaan naskah drama “Panti Jompo “ karya Hidayat Suryalaga ieu, aya sababaraha rékoméndasi pikeun panlungtikan satuluyna, hususna dina kamekaran sastra Sunda wangun drama. Kahiji, panalungtikan sarupa nu maluruh struktur carita jeung struktur naskah perlu terus dilaksanakeun dina bentuk sastra nu séjénna, sangkan naskah nu séjén leuwih loba deui anu dianalisis. Kadua, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi conto atawa référénsi di perkuliahan atawa pikeun panalungtikan su sarupa. Sarta nu katilu, ieu panalungtikan dipaharep bisa nyieun masarakat umum leuwih wanoh deui kana sastra Sunda hususna drama Sunda .